



# Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education

75 Pleasant Street, Malden, Massachusetts 02148-4906

Telefòn: (781) 338-3000  
TTY: N.E.T. Relè 1-800-439-2370

Jeffrey C. Riley  
Komisè

9 avril 2020

Chè Fanmi ak Responsab Legal:

Pandan peryòd long lekòl fèmen sa a, nou rekonèt se yon moman difisil pou fanmi yo, gadyen yo, ak moun k ap pran swen timoun yo. Nou rekonèt youn nan pwoblèm ou yo se kòman pitit ou ki gen andikap la ap ka kontinye resevwa èd ak sèvis lekòl yo pandan lekòl yo fèmen akòz ijans sante piblik konsènan COVID-19 la. Pandan moman san parèy sa a, nou apresye fanmi yo ak edikatè yo pral travay ansanm pou bay meyè aksè posib nan enstriksyon ak sèvis edikasyon espesyal.

Nan lèt sa a, mwen vle pataje enfòmasyon enpòtan konsènan sa lekòl yo ap fè pou ede pitit ou a pandan moman sa a. Bwat Zouti Resous pou Fanmi ki vini avèk lèt sa a bay kèk enfòmasyon itil konsènan resous ak estrateji pou fanmi yo.

Le 21 mas, Depatman Edikasyon Etazini an soti yon [fèy enfòmasyon](#) ki klarifye lekòl yo dwe kontinye bay elèv ki gen andikap edikasyon piblik gratis epi ki apwopriye (free and appropriate public education, FAPE) pandan y ap pwoteje sante ak sekirite timoun, edikatè ak founisè sèvis yo. Nan sikonstans espesyal sa a, y ap bay sèvis edikasyon espesyal yo yon fason diferan pa rapò ak jan sa konn fèt lè lekòl yo ouvè epi ap fonksyone totalman. Sèvis edikasyon espesyal a distans yo dwe kòmanse imedyatman. Ou pa bezwen bay konsantman w pou sèvis a distans yo kòmanse. Ou dwe resevwa yon plan konsènan fason lekòl la ap bay sèvis a distans yo.

Nan Massachusetts, aprantisaj a distans pou tout elèv, ni elèv ki gen andikap, dwe fèt ak de bagay sa yo:

1. **Èd ak resous** pou aprantisaj endepandan ki kapab gen ladan l pakè kontni akademik ak devwa ak opòtinite aprantisaj ki baze sou pwobjè, ak adaptasyon ki nesèsè pou pitit ou a.
2. **Enstriksyon ak sèvis** yo kapab livre a distans nan gwoup konplè ak nan ti gwoup oswa endividyèlman. Yo ka sèvi ak pwogram sou entènèt, pwogram televizyon, oswa telefòn pou bay enstriksyon ak sèvis.

Men kèk lide kle pou ou sonje.

**Kominikasyon pèmanan epi regilye ant edikatè ak fanmi enpòtan.** Pwofesè pitit ou a ak founisè sèvis konsènan yo ap an kontak avèk ou regilyèman. Ou menm ak pwofesè pitit ou a ak founisè sèvis konsènan yo dwe deside chak ki lè epi ki metòd kominikasyon k ap fonksyone pi byen pou ou, diskite sou enstriksyon pèsonalize pou pitit ou a, objektif IEP yo ak bezwen sèvis ak plan konsènan fason yo ka bay sèvis yo a distans. Fè pèsònèl lekòl ou a konnen ki pi gwo pwoblèm ou genyen konsènan pitit ou a epi di yo ki pi bon fason yo kapab kontakte ou, si se pa imel, telefòn, oswa lòt fason.

**Pitit ou a ka pa resevwa enstriksyon ak sèvis pèsonalize jan li resevwa yo lè lekòl ap fonksyone.** Epi pwofesè pitit ou a ak pèsònèl lekòl la ka kreyatif nan kreye mwayen pou bay opòtinite aprantisaj, enstriksyon ak sèvis edikasyon espesyal. Li ka pa posib pou bay terapi oswa enstriksyon men alapat oswa fas a fas, akòz lòd sekirite piblik konsènan distans sosyal la. Opòtinite enstriksyon espesyalize ak sèvis konsènan yo kapab modifye oswa yo kapab bay yo a distans pou pitit ou a resevwa FAPE. Lekòl la dwe ba ou yon plan pou aprantisaj a distans, pou ou ka konnen plan ak orè pou pitit ou a resevwa enstriksyon, sèvis ak lòt opòtinite aprantisaj.

**IEP pitit ou a bay èd ak adaptasyon k ap ede li reyisi lekòl epi ou kapab itilize yo pandan aktivite kotidyen adomisil yo tou.** Lekòl la ap asire l pitit ou a gen posiblite jwenn opòtinite a distans yo grasa adaptasyon apwopriye. Analize IEP pitit ou a ak pwofesè pitit ou a pou jwenn adaptasyon pitit ou yo epi pou konprann jan pou w itilize yo adomisil. Si ou pa gen yon kopi IEP a, kontakte pwofesè pitit ou a pou fè aranjman pou yo voye yon kopi ba ou oswa fikse yon lè pou diskite sou IEP pitit ou a avèk pwofesè pitit ou a nan telefòn.

**Ou kapab itilize teknoloji èd pou andikape.** Pa egzanp, òdinatè, lojisyèl, aparèy kominikasyon, kalkilatri, aparèy pou konvèti pawòl an tèks, soutitraj kode, ak lòt ekipman espesyalize pou ede pitit ou a aprann adomisil. Pwofesè pitit ou a ak dirijan lekòl la dwe kontakte w pou n travay ansanm sou pi bon fason pou entegre aparèy sa yo nan lavi toulejou w. Si ekipman espesyalize pitit ou a toujou lekòl la, ou kapab pale ak lidè lekòl ou yo sou fason ou ka jwenn yo.

**Rankont sou IEP yo kapab fèt vityèlman pandan lekòl yo fèmen an.** Rankont sou IEP yo se yon bon mwayen pou respekte règ distans sosyal yo. Ou kapab patisipe nan rankont IEP vityèl yo pa telefòn oswa videyo konferans.

- Si ou poko resevwa IEP anyèl pitit ou a, nou ankouraje w travay ak pèsònèl pitit ou a pou deside si li posib pou n fè yon rankont vityèl sou IEP a.
- Lè lekòl la rekòmanse fonksyone, pwofesè pitit ou yo ap evalye pwogrè pitit ou a epi fè yon rankont sou IEP avèk ou si sa nesèsè pou detèmine ki sa k ap pi bon kòm pwochen etap.

**Kontakte pwofesè pitit ou a oswa dirijan lekòl yo si ou gen pwoblèm teknik pou gen aksè a enstriksyon ak resous a distans yo.** Itilizasyon resous sou entènèt nouvo pou anpil fanmi, epi nou rekonèt paran yo ka bezwen èd teknik. Enfòmè lekòl la si ou gen kesyon oswa si ou bezwen èd.

**Si lekòl edikasyon espesyal prive otorize pitit ou a fèmen,** edikatè lekòl edikasyon espesyal otorize a ap kontakte w pou detèmine fason lekòl la ap kontinye bay sèvis edikasyon espesyal yo a distans. Lekòl edikasyon espesyal otorize a dwe ba ou yon plan pou aprantisaj a distans, pou ou ka konnen plan ak orè pou pitit ou a resevwa enstriksyon, sèvis ak lòt opòtinite aprantisaj.

**Si pitit ou a gen yon plan 504, pwofesè pitit ou a ak/oswa Kowòdonatè 504 la dwe pran kontak avèk ou** konsènan fason pou fè adaptasyon oswa bay sèvis jan sa prezante nan plan 504 pitit ou a. Pwofesè pitit ou a dwe eksplike w jan pou w jwenn adaptasyon pitit ou a bezwen yo nan devwa lekòl la. Si ou gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte pwofesè pitit ou a oswa Kowòdonatè 504 lekòl ou a.

Lekòl yo ak distri yo deja ap idantifye diferan fason pou kontakte elèv yo ak fanmi yo. Pandan semèn k ap vini yo, pwofesè pitit ou yo ak dirijan lekòl yo ap kontinye devlope epi etann mwayen pou bay sèvis edikasyon espesyalize yo.

Nou ankouraje dirijan lekòl yo, pwofesè yo, ak fanmi yo travay ansanm pou jwenn pi bon fason pou ede chak elèv pandan moman difisil sa a.

Sensèman,



Russell D. Johnston, PhD  
Adjwen Komisè Prensipal